Pou Piblikasyon Imedya: 03/06/2021 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ AVÈK ANKOURAJMAN POU BELMONT STAKES POU ANE 2022 A

Sit la ap fonksyone 4 jen an soti midi rive 6 p.m. ak 5 jen soti 9 a.m. rive 5 p.m.; moun ki pran vaksen an ap resevwa admisyon jeneral pou Belmont Stakes pou ane 2022 a

Eta New York ap fè patenarya avèk Northwell Health ak NYRA sou sit vaskinasyon an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon nouvo sit vaksinasyon tanporè nan Belmont Park pou kowenside avèk Festival Kous Belmont Stakes (Belmont Stakes Racing Festival) pou ane 2021 an, ki ap abouti avèk 153yèm kous Belmont Stakes la samdi 5 jen an. Fanatik kous yo ki pran vaksen nan sit la pral resevwa admisyon jeneral siplemantè pou Belmont Stakes pou ane 2022 a. Eta New York pral fè patenarya avèk Northwell Health ak Asosyasyon Kous New York (New York Racing Association, NYRA), Inc. sou sit vaksinasyo an. Sit la pral itilize vaksen yon sèl dòz Johnson & Johnson lan. Sit la pral fonksyone tou pre Antre Clubhouse Pak Belmont (Clubhouse Entrance of Belmont Park) lan nan vandredi 4 jen soti 12 p.m. rive 6 p.m. ak nan samdi 5 jen soti 9 a.m. rive 5 p.m.

"Nou ap itilize chak zouti ki nan asenal nou pou nou bat COVID-19 pou de bon, revitalize ekonomi nou an ak avanse nan yon nouvo nòmal, epi vaksinen pi plis Nouyòkè posib enpòtan nan estrateji sa a pou lavni Eta nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sit vaksinasyon tanporè sa a ki pral fonksyone pandan youn nan evènman anyèl New York ki pi pasyonan yo pral ankouraje pi plis rezidan ak fanmi ankò pran vaksen avèk yon ankourajman ki pasyonan -- admisyon gratis pou Belmont Stakes ane pwochèn lan. Mwen ankourje tout Nouyòkè ki enterese pou pran avantaj opòtinite sa a epi jwe wòl pa yo a pou pwoteje tèt yo, fanmi yo ak Eta nou an".

Pita nan lete sa a, tout fanatik ki montre prèv vaksinasyon yo atravè Excelsior Pass - mwayen gratis, rapid epi ki ka verifye Eta a pou prezante prèv dijital vaksinasyon kont COVID-19 la - nan Jounen Ouvèti a nan Teren Kous Saratoga (Saratoga Race Course), jedi 15 jiyè, ap resevwa antre jeneral nan tribin gratis. Fanatik yo ka prezante tou lòt fòm prèv vaksinasyon, ki enkli fòm papye tankou Kat Dosye Vaksinasyon COVID-19 CDC a, pou reklame antre gratis la.

Prezidan ak Direktè Egzekitif NYRA, Dave O'Rourke, te deklare, "NYRA remèsye Gouvènè Cuomo ak Northwell Health pou opòtinte a pou ede tounen paj pandemi COVID-19 la. Nou espere yon wikenn pasyonan nan kous cheval pi-san ki gen klas mondyal nan Pak Belmont, epi mwen ankouraje fanatik ki nan piblik la pran vaksen an, telechaje Kat Excelsior a epi pwofite enèji ak kontantman Belmont Stakes la".

Belmont Stakes se yon tradisyon New York ki te inogire an 1867 nan Pis Kous Pak Jerome (Jerome Park Racetrack) lan epi ke yo te deplase an 1905 nan kay familye li a nan Pak Belmont. Jwayo final seri Tripple Crown (Trip Kouwòn) te prezante anpil nan pi gran cheval pi-san nan istwa pandan plis pase 152 edisyon nan klasik ameriken an. 2021 pral make retou Belmont Stakes lan nan espas abityèl li a nan kalandriye kous la apre Dèbi Kentucky (Kentucky Derby) a ak Preakness Stakes la.

Eta New York ap kontinye ofri ankourajman pou moun pran vasken COVID-19 la ak etabli nouvo sit tanporè nan lokal ki konvenab pou Nouyòkè yo. Nan dat 26 me, Gouvènè Cuomo te anonse ankourajman 'Pran yon Piki pou Bati Avni ou' (Get a Shot to Make Your Future) pou timoun ki gen 12 a 17 ane pran vaksen pou COVID-19 la. Patisipan yo ka patisipe nan yon tiraj osò epi potansyèlman resevwa yon bousdetid konplè nan yon kolèj SUNY oswa CUNY apati 27 me. Gànyan yo resevwa yon bousdetid konplè nan nenpòt kolèj piblik oswa inivèsite, ki gen ladan ekolaj lojman ak pansyon. Eta New York pral administre tiraj osò a epi chwazi 10 ganyan nan yon semèn pandan senk semèn pou yon total 50 gànyan. Yo pral itilize fon sansibilizasyon ak sekou Federal pou COVID-19 pou kouvri depans pwogram ankourajman vaksinasyon sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU